



FÒM 1 POU EVALYASYON ANTIBYOTIK

Ekri non ou yon fason pwòp an LÈT MAJISKIL jan yo montre an ak plim oswa kreyon oswa antre enfòmasyon yo sou yon òdinatè.

EXAMPLE123

Nwasi ti wonn yo tankou sa a: PA ranpli tankou sa a:

Bay enfòmasyon nou mande anba la yo pou moun ki pral pran antibyotik la. Depatman Sante (Health Department) pral itilize enfòmasyon sa yo pou objektif ijans sante piblik sa a. Gade nan paj 2 pou jwenn enfòmasyon ak enstriksyon yo. Ou dwe reponn kesyon 1 a 9 pou resevwa antibyotik nan yon Dispansè (Point of Dispensing, POD).

Non (First Name)

Siyati (Last Name)

Dat Nesans (MWA/JOU/ANE)

Kòd Postal Kay

Sèks

Fi Gason Moun ki Chanje Sèks Moun ki pa Konfòme ak Okenn Sèks

- | | Wi Yes | Non No |
|--|-----------------------|-----------------------|
| 1. Èske moun ki pral pran antibyotik la te janm gen yon reyaksyon alèjik <u>grav</u> ak antibyotik doxycycline oswa tetracycline ki te fè li te bezwen wè yon doktè? | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> |
| 2. Èske moun ki pral pran antibyotik la ansent? | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> |
| 3. Èske moun ki pral pran antibyotik la te janm gen yon reyaksyon alèjik <u>grav</u> ak ciprofloxacin (Cipro) oswa ak lòt fliyowokinolòn ki te fè li te bezwen atansyon medikal? | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> |
| 4. Èske moun ki pral pran antibyotik la gen myasteni grav? | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> |
| 5. Èske moun ki pral pran antibyotik la ap pran tizanidine (Zanaflex)? | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> |
| 6. Èske moun ki pral pran antibyotik la ap pran theophylline? | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> |
| 7. Èske moun ki pral pran antibyotik la gen maladi ren oswa èske li sou dyaliz? | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> |
| 8. Èske moun ki pral pran antibyotik la <u>pa kapab</u> vale grenn? | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> |
| 9. Èske moun ki pral pran antibyotik la peze mwens pase 76 liv oswa 35 kilogram?
Si se <u>wi</u> , mete pwa a: _____ liv oswa _____ kilogram. | <input type="radio"/> | <input type="radio"/> |

SEKSYON SA A SE POU EKIP POD LA SÈLMAN

Medical Evaluation

- Rx: Ciprofloxacin suspension _____ mg Q12h X 10 days Doxycycline (C)
- Rx: Clindamycin _____ mg Q8h X 10 days Doxycycline Only
- Rx: Amoxicillin _____ mg Q8h X 10 days Ciprofloxacin Only

Notes _____

Signature _____ License # _____

Screening

- Doxycycline (C)
- Doxycycline Only
- Ciprofloxacin Only
- Medical Evaluation

Initials _____

- M ap vin chèche antibyotik pou mwen. Mwen dakò pou pran antibyotik la selon enstriksyon yo.
OSWA
- M ap vin chèche antibyotik pou moun ki gen non li endike anwo a nan fòm sa a. Mwen dakò pou bay antibyotik ak nenpòt enstriksyon pou moun ki gen non li endike nan fòm sa a.

Ekri Non ou an lèt detache _____ Siyati _____ Dat _____

Enfòmasyon ak Enstriksyon

Lè ou ranpli fòm la, epi klike sou "Evalye/Enprime Fòm Nan", òdinatè a ap detèmine ki antibyotik w ap resevwa. Enprime fòm ou ranpli a epi pote li avèk ou nan yon POD. Sa a pral pèmèt anplwaye yo sèvi ou pi vit. Ap gen fòm vid nan POD yo tou.

Kesyon 1: Yon reyaksyon alèjik grav se yon reyaksyon ki menase lavi moun epi ki ka lakòz pwoblèm pou respire ak/oswa pou vale manje, figi anfle, zye anfle oswa lang anfle, oswa doulè nan pwatrin. Kèk nan reyaksyon negatif moun gen souvan avèk antibyotik se dyare ak deranjman lestomak, epi yo pa konsidere yo kòm reyaksyon negatif ki grav.

Tetrasiklin se yon gwoup antibyotik (tankou doxycycline, minocycline ak tetracycline) ki anpeche moun gen enfeksyon bakteri oswa ki trete yo. Yon moun ki te gen yon reyaksyon alèjik grav poutèt doxycycline oswa lòt tetrasiklin pa kapab pran doxycycline; li ta dwe reponn "Wi" pou kesyon sa a.

Kesyon 2: Anjeneral, doktè pito preskri ciprofloxacin pou yon fanm ki ansent. Men, si fanm ansent lan ekspoze nan maladi chabon, li kapab pran doxycycline pou evite li gen enfeksyon ki bay maladi chabon. Yon fanm ki ansent ka resevwa swa doxycycline oswa ciprofloxacin dapre repons li bay pou lòt kesyon evalyasyon an. Li ta dwe toujou reponn "Wi" pou kesyon sa a.

Kesyon 3: Yon reyaksyon alèjik grav se yon repons ki menase lavi moun epi ki ka lakòz pwoblèm pou respire ak/oswa pou vale manje, figi anfle, zye anfle oswa lang anfle, oswa doulè nan pwatrin. Kèk nan reyaksyon negatif moun gen souvan avèk antibyotik se dyare ak deranjman lestomak, epi yo pa konsidere yo kòm reyaksyon negatif ki grav.

Fliyowokinolòn se yon gwoup antibyotik (tankou ciprofloxacin, levofloxacin ak moxifloxacin) ki anpeche moun gen enfeksyon bakteri oswa ki trete yo. Yon moun ki te gen yon reyaksyon alèjik grav poutèt ciprofloxacin oswa nan lòt fliyowokinolòn pa kapab pran ciprofloxacin; li ta dwe reponn "Wi" pou kesyon sa a.

Kesyon 4: Myasteni grav se yon maladi kwonik ki lakòz feblès miskilè. Ciprofloxacin kapab fè sentòm myasteni grav vin pi grav. Doxycycline pa gen reyaksyon sa a. Yon moun doktè te janm dekouvri ki gen myasteni grav pa kapab pran ciprofloxacin; li ta dwe reponn "Wi" pou kesyon sa a.

Kesyon 5: Tizanidine (Zanaflex) se yon medikaman ki soulaje lakranp miskilè. Ciprofloxacin kapab fè reyaksyon negatif tizanidine (Zanaflex) vin pi grav. Doxycycline pa gen reyaksyon sa a. Yon moun k ap pran tizanidine (Zanaflex) pa kapab pran ciprofloxacin; li ta dwe reponn "Wi" pou kesyon sa a.

Kesyon 6: Theophylline se yon medikaman ki trete swen kèk pwoblèm respirasyon. Ciprofloxacin kapab fè reyaksyon negatif theophylline vin pi grav. Doxycycline pa gen reyaksyon sa a. Yon moun k ap pran theophylline nan moman an pa kapab pran ciprofloxacin, men li dwe fè yo tcheke nivo theophylline li. Li ta dwe toujou reponn "Wi" pou kesyon sa a.

Kesyon 7: Maladi ren vle di ren yo domaje epi yo pa kapab filtre san nòmalman. Domaj ren redui mwayen kò a pou absòbe ciprofloxacin. Domaj ren pa redui mwayen kò a pou absòbe doxycycline. Yon moun ki gen maladi ren, oswa ki sou dializ, kapab toujou kapab pran ciprofloxacin, men li ka bezwen yon dòz ki pi fèb. Li ta dwe toujou reponn "Wi" pou kesyon sa a.

Kesyon 8: Yon moun ki pa kapab vale grenn nòmalman ka vomi, manke toufe, oswa toufe pandan l ap eseye vale yon grenn. Li dwe resevwa yon antibyotik likid oswa yon antibyotik ki kapab kraze. Yon moun ki pa kapab vale grenn ta dwe reponn "Wi" pou kesyon sa a.

Kesyon 9: Yon moun ki peze mwens pase 76 liv oswa 35 kilogram ka bezwen yon dòz antibyotik ki pi fèb. Li ta dwe reponn "Wi" pou kesyon sa a, epitou li ta dwe endike gwosè li.